

Pi, Founo, ak Sistèm Septik ki Domaje ka gen Pwoteksyon FEMA

Release Date: Septanm 30, 2021

Trenton, N.J. – Si ou se yon rezidan New Jersey ki gen kay ki te domaje nan nan Siklòn Ida, FEMA rekòmande pou w enspekte chofaj, vantilasyon, sistèm klimatizè (HVAC), founo, sistèm septik ak / oswa pi yo pou wè si yo te afekte.

Ou ka elijib pou asistans finansye nan kad Pwogram Endividyèl ak Kay FEMA a.

Ki kalite asistans ki disponib?

- Pou pi, HVAC, fou, ak sistèm septik prive yo, FEMA ka bay asistans oswa ranbousman pou peye yon pwofesyonèl, estime teknisyen ki gen lisans nan reparasyon oswa ranplasman bagay sa yo.
- Epitou, ou kapab resevwa asistans pou reparasyon oswa ranplasman bagay sa yo ki pa tipikman kouvri nan asirans pwopriyetè kay.
- Si ou te aplike pou asistans FEMA **epi 14 jou** te pase epi ou pa te fè yon enspeksyon kay ou, rele Liy Èd FEMA nan **800-621-3362**. Lè ou fè enspeksyon ou a, di enspektè FEMA a ou gen yon pi ak / oswa yon sistèm septik prive ki ka te domaje nan tanpèt la. Si ou enskri epi kay ou te deja enspekte, rele Liy Èd FEMA nan **800-621-3362** pou enstriksyon sou fason pou fè kontestasyon. Ale sou <https://go.usa.gov/xMnm>.

Chak aplikan ka konteste kont desizyon FEMA a. Ou dwe soumèt kontestasyon an alekri nan 60 jou apre dat lèt FEMA te detèmine elijibilite a. Sivivan Siklòn Ida ki te enskri nan FEMA ka resevwa yon lèt detèminasyon konsènan elijibilite pou asistans. Li lèt la ak anpil atansyon. Sepandan, sa gendwa pa dènye repons la. FEMA ka senpleman bezwen plis enfòmasyon oswa dokiman pou trete aplikasyon w lan.



FEMA

Page 1 of 1